

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòme w elèv ou a pral pran sou òdinatè egzamen B.E.S.T. (Meyè Referans Estanda Aprantisaj sou Fason Elèv Reflechi) nan Aljèb 1 nan dat 12/5/2024. Nou fè evalyasyon B.E.S.T. Fen Kou Aljèb 1 yo nan yon (1) sesyon 160 minit yo chak, men elèv yo ka travay pou longè yon jounen lekòl regilye. Nou fè evalyasyon Repriz Lekti FAST ELA a nan yon sesyon 120 minit, e elèv yo ka travay pou longè yon jounen lekòl regilye.

Si ou menm oubyen elèv ou a ta renmen revize egzamen pratik la sou òdinatè lakay ou, egzamen pratik la avèk modèl repons yo disponib nan <https://flfast.org/families.html>.


Silvouplè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen oubyen elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik oubyen yo jwenn li ap itilize yon aparèy ‘Bluetooth’/kas ekoutè san fil pandan egzamen an, y ap anile egzamen li a.
- **Règ sou Kalkilatris**—Pou evalyasyon B.E.S.T. Aljèb 1 elèv ka sèlman itilize yon kalkilatris syantifik pòtab.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen yo gen ladan yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an.” Anvan egzamen an, moun ki ap administre egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike sou ti bwa ki akote deklarasyon ki nan navigatè sekirize a pou montre yo konprann règleman egzamen yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo klike bwat la pou Aksepte Règleman Egzamen yo di, akoz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, elèv yo pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan kontni egzamen an (sa gen ladan kesyon, tèks ak kèk pasaj) apre egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou sit medya sosyal yo. Silvouplè asire w elèv ou a konprann règleman yo anvan egzamen an, e raple yo “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou medya sosyal oubyen pataje enfòmasyon sou entènèt. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay yon Fason ki Endepandan**— Elèv responsab pou travay poukонт yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen an, yo ap anile egzamen yo a.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kite kanpous la anvan li fini li (egzanp, pou repa midi, yon randevou), yo **pap** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvouplè sonje pou w pa pran randevou pou elèv la nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividyle), yon Plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Elèv ki Ap Aprann Anglè) oubyen li fèk soti nan kategori ELL, silvouplè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Jennifer Bozenbury nan [Jennifer.Bozenbury@stlucieschools.org](mailto:Jennifer.Bozenbury@stlucieschools.org). Pou plis enfòmasyon sou pwogram evalyasyon ‘Florida Statewide Assessments’, silvouplè vizite pòtal yo a nan [FLFAST.org](https://FLFAST.org).

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou l fè meyè efò li nan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman



Brad Lehman – Treasure Coast High School